Ohio Chapter
INCORPORATED IN OHIO
American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ohio Department of Health

KIJAN POU FÈ PRAN MEDIKAMAN VIN PI FASIL

Kòmanse pran yon nouvo medikaman ka difisil. Li nòmal pou pitit ou a twouve li difisil pou l sonje oswa pou l pran medikaman. Anba a w ap jwenn kèk konsèy itil sou sa pou w fè lè pitit ou bezwen èd pou pran medikaman li.

KIJAN POU FÈ PRAN MEDIKAMAN VIN PI FASIL

Afiche nòt rapèl nan kote ou pral wè yo tankou miwa nan twalèt la oswa frijidè a.

Sèvi ak yon bwat grenn epi mete l nan yon kabinè sekirize, fèmen.

Bay medikaman ansanm ak lòt **woutin** tankou manje, bwose dan, oswa kowenside ak lè ou pran medikaman ou.

Mete alam oubyen rapèl sou fòm tèks sou telefòn ou.

Kenbe **dòz siplemantè** yo nan bous ou oswa sakado ou nan ka ou bezwen bay medikaman pandan ou lwen lakay ou.

KONSÈY POU VALE KONPRIME YO

Mete konprime yo nan yon **kiyè Jelo** oswa pouding, men asire w ke pitit ou konnen li la.

Si grenn lan ka **kraze,** oswa fasil pou sopoudre, plase li nan konpòt pòm oswa siwo awomatize.

Eseye **tranpe yon kapsil jèl nan dlo** pou fè li plis glise lè w ap vale li.

Fè pitit ou eseye diferan **pozisyon tèt** tankou sou kote a pou detann gòj la.

KONSÈY POU FÈ MEDIKAMAN GEN PI BON GOU

Fè pitit ou a kenbe nen li.

Kite pitit ou chwazi yon bwason pou l pran apre li fin pran konprime a.

Eseye fè pitit ou a manje yon bagay frèt anvan li pran konprime a pou angoudi papiy gistativ li yo.

Sèvi ak sereng pou voye medikaman likid nan do gòj la.

Melanje medikaman an ak yon bagay awomatize tankou melanj bwason an poud, manba oswa siwo erab.

KONSÈY POU PRAN MEDIKAMAN AN PRIVE

Sèvi ak yon veso konprime ak **yon konsepsyon** amizan ke pitit ou a renmen.

Fè pitit ou a pran medikaman li nan twalèt **la.**

Lè pitit ou a lekòl, li ta dwe pran medikaman li nan biwo **enfimyè a**.

Mete **otokolan oswa dekorasyon** sou boutèy medikaman oswa inalatè yo.